

Chè Nouyòkè,

Pou moun ki gen revni limite, kont kouran ka konplike epi koute chè. Anpil bank chaj frè ki monte toutan gwo sè depo a ap desann. An menm tan an, li vin de pli zan pli difisil pou kenbe yon vi "lajan kach sèlman": tou de gouvènman an ak anplwayè yo souvan ensiste sou sèvi avèk depo dirèk nan benefis ak pewòl.

Erezman, gen altènativ. Eta Nouyòk egzize pou bank yo ofri sèvis bankè abòdab. Tout enstitusyon bankè nan Eta a, ki gen ladan bank komèsyal yo, bank epay ak kès popilè, yo oblige ofri kont "bankè debaz", ke tout moun ak tout kliyan konnen sou non "Kont Lifeline".

Anplis de sa, kat debi prepeye yo ap vin pi popilè kòm yon opsyon pou moun ki pa gen yon kont bankè. Byenke sa ka yon altènativ pratik, li enpòtan pou konsomatè yo konnen avantaj ak dezavantaj yo lè l yo sèvi ak kat sa yo.

Toujou asire w ke ou li ak anpil atansyon tout akò itilizatè yo, konprann tout frè ou ka responsab pou yo, epi konpare plizyè sou mache a pou w jwenn sa ki pi bon ak pi bon kontra bankè yo.

Sensèman,

Letitia James



Pwokirè Jeneral
New York
Letitia James

Resous

Liy Dirèk Plent Konsomatè

(800) 771-7755
ag.ny.gov

Biwo Fwod & Pwoteksyon Konsomatè

Biwo Vil Nouyòk:

(212) 416-8300
28 Liberty Street
New York, NY 10005

Biwo Albany:

(518) 776-2307
The Capitol
Albany, NY 12224

Biwo Pwoteksyon Finans Konsomatè

(855) 411-2372
TTY/TTD: (855) 729-2372
cfpb.gov
P.O. Box 2900
Clinton, IA 52733

Sèvis Bankè a Ba Pri

Gid Pwokirè Jeneral la nan kont labank Lifeline ak kat Debi Prépayé



Biwo Pwokirè Jeneral
Eta New York
Letitia James



Kat a “Valè Estokey” oswa kat Debi Prepeye

Kat debi prepeye ka resevwa depo (lajan kach oswa depo dirèk de yon anplwayè oswa ajans gouvènman an) epi yo ka itilize pou fè pèman oswa retire lajan kach nan yon ATM. Souvan kat yo “make” pa pi gwo konpayi kat kredi yo epi yo ka itilize nenpòt ki kote yo aksepte kat sa yo.

Men kèk pwoblèm pou considere:

- Kat debi prepeye yo ka gen chaj inatandi tankou frè pou aktivasyon, sèvis chak mwa, rechaj lajan, retrè ATM, frè balans ak frè pou fè yon acha lè pa gen ase lajan sou kat la. Ka genyen yon frè tou si ou fèmen kont lan oswa ou pa sèvi ak kat la pandan kèk mwa
- Kontrèman ak yon kat kredi oswa debi ki konekte ak yon kont bankè, souvan pa gen okenn pwoteksyon si kat la pèdi oswa si yo vòlè li
- Finalman, malgre ke kat debi prepeye souvan komèsyalize pou moun ki gen pwoblèm kredi, lè w sèvi avèk youn ki pral ede repare yon kredi ki gen istwa fèb

Before signing up for a prepaid debit card, look carefully at all the costs involved with using one. Compare the costs with those involved with a lifeline account or a local credit union. Most important, carefully consider which banking options offer you the most protection against loss or fraud.

Sèvis Bankè Debaz oswa Kont “Lifeline”

Kont bankè Lifeline ofri ekonomi enpòtan pou konsomatè e tout bank nan Eta Nouyòk dwe ofri yo. Gen kèk restriksyon, enstitisyon finansye ou ka mande ou:

- Depo dirèk sekirite sosyal ou, salè oswa pèman pansyon
- Fèmen tout lòt kont tranzaksyon yo

Men sa ou kapab espere si ou louvri yon kont lifeline:

Depo Inisyal Fèb

Ou ka louvri kont Lifeline ou ak sèlman yon depo \$25.

Balans Minimòm

Pou kenbe kont lan louvri, ou pral bezwen sèlman yon peni an depo kòm yon balans minimòm.

Kenbe kont ou

Enstitisyon finansye ou pa ka fè ou peye plis pase \$3 pa mwa pou kenbe kont Lifeline ou.

Frè Retrè

Ou ka fè retrè nan kont Lifeline ou a omwen uit fwa pa mwa san chaj.

Pa Gen Depo Minimòm Chak Mwa

Pa gen okenn restriksyon oswa penalite sou kantite minimòm depo ou fè pou chak mwa.



Bank pa ofri yon kont “Lifeline”?

Kontakte Liy Dirèk Pwoteksyon
Konsomatè an nan Biwo
Pwokirè Jeneral Eta la

(800) 771-7755

